



**Pou :** Komite Skolè Boston an

**Sot nan men :** Ekip pou Afè Regleman Admisyon Lekòl Madison Park Technical Vocational High la

**Osijè :** Divès revizyon ki pwopoze pou regleman sou afè admisyon

**Dat la :** 23 out, 2023

**Kopi Pou :** Doktè Drew Echelson, Doktè Lindsa McIntyre, Doktè Sidney Brown

Nan Reyinyon Komite Skolè 30 out, 2023 a, Ekip pou Afè Regleman Admisyon Lekòl Madison Park Technical Vocational High la pral prezante yon seri revizyon ki te fèt nan pwopozisyon regleman admisyon orijinèl la, sou baz kòmantè Komite a te fè. Nou apresye gidans nou te resevwa nan men Komite a jou 24 me, 2023.

Pou reponn a Komite a, nou te arive simplifye pwosesis admisyon an nan fason nou te arive elimine divès egzijans ki te nan pwosesis orijinèl ki te prezante ba ou a. Pi presizeman, pou reponn a reyaksyon w yo, regleman revize a ranplase egzijans sila a ki mande yon atik ak de (2) lèt sipò avèk yon « Deklarasyon Enterè » (oswa « SOI », « State of Interest ») de preferans, ki pakonsekan elimine nesite pou divès lèt de referans e ki ofri sipò pi solid bay elèv sila yo k ap fè demann yo.